*Ассаламу гІалайкум!*

gazetavpered@list.

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 17 (6846) * 4 МАЙ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 17 ЗУЛ-КЪАГІАДА 1447 с. *

9 МАЙ – БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО

## ТІокІалъ рагІугеги рагъулаб гъугъай





**Бергьенлъиялъул къоялъул хаслъи, тІокІлъи ва тІадегІанлъи борцун бажаруларо. Миллионал чІваралги, лъукъаралги гІадамал, аза – азар чІунтарал шагьарал ва росаби, рихизарурал фабрик - заводал, магІишатал гьединаб букІана бергьенлъиялъул хІакъикъияб багьа.**

ГІадада гурелъул гьелда бадиб магІу хулараб байрамилан абулеб. Районалъул гІисинал лъималаздаса байбихьун, хІалтІизе бажарулел гІадамалги, ригь арал харабиги хІалтІана «Кинабго фронталъе кинабго бергьенлъяилъе гІоло» абураб ахІиялда гъоркь.

Жакъа къоялде, гьеб рагъул кьогІлъиялъул нугІзал, рухІалда барахщичІого рагъарал, жидер бахІарчилъиялъги, къо хІехьеялъги бергьенлъи гІагар гьабурал рагъул гІахьалчагІазул цониги чи хутІичІо районалда, Аллагьас гьезул мунагьал чураги. Нилъеца киназго кІудияб адаб - хІурматгун бетІер къулула гьезие.

Гьале 81 сон сверана советияб халкъалъ ВатІанияб рагъда Бергьенлъи басаралдаса.

Гьеб заманалда жаниб нилъер улкаялда хисана чанго батІияб гІел ва пачалихъалъул гІуцІи.

Амма абадиялъ кІочене гьечІо нилъерги нилъер лъималазулги талихІаб букІиниселъе гІоло, ВатІаналъул эркенлъиялъе гІоло рухІалда барахщичІого рагъарал гІолохъаби, гьезул бахІарчиял ишал.

### Дагъистаниял — КІудияб ВатІанияб рагъулъ

– Нус – нус азарго дагъистаниял хІалтІана тылалда ва къеркьана кІудияб бергьенлъяилъе гІоло. Рагъул соназда республикаялъул колхоз – совхозаз ва жалго захІматчагІаз хІукуматалъе кьун буго 129,5 азарго тонна чадил, 15 азарго тоннаялдасаги цІикІкІун цІибил, 1134 тонна хІанил, 1332 тонна нахул, 48 азарго тонна гьанал, 18 азарго тонна пихъил, 50 азарго тонна квасул.

– 25 азаргоялдаса цІикІкІун дагъистанияв кІодо гьавун вуго рагъулал орден – медалаздалъун.

– 56 Совет Союзалъул бахІарчи вахъун вуго гьитІинабго мугІрул улкаялда. Амма бахІарзазул цІарал нахъеги загьирлъана, кІиабилеб дунялалъулаб рагъулъ гІахьаллъарал дагъистаниязда гьоркьор жакъа къоялде гьел 70 ялде раханин абулелги руго, гьеб хІужаялъул кьучІ гьабизе нилъеда тІадаб буго.

– Дагъистаналъул захІматчагІаца бакІарараб гІарцухъ гІуцІана Имам Шамилил цІар кьураб танказул колона.

– Кавказ цІуниялдаса хадуб Волга гІурухъ тунка – хІусиялдаги гІахьаллъун, Германиялъул гІорхъоде щвезегІан ун букІун буго 1942 соналъ МахІачхъалаялда гІуцІараб 91 – леб Мелитополалъул дивизия.

1941 соналъ Дербенталда гІуцІун букІун буго 345 – абилеб кьвагьдохъабазул дивизия.

1942 соналъ МахІачхъалаялдагун Буйнакскиялда цІияб 58 – абилеб армия 1942 соналъ Дагъистаналда чІей букІана 44 абилеб армиялъул, 135 – абилеб авиадивизиялъул.

Рагъ байбихьарабго 22 июналдаса 26 июлалде щвезегІан болжалалда 3350 дагъистанияс гІарза кьун буго жал фронталде ритІеян, гьездасан 677 чІужугІаданалъ.

КІинус азаргогІан чи рагъде тІовитІараб Дагъистаналъул кьалул майданалда щапун тІад руссун гьечІо 90 азаргоялдасаги цІикІкІун бархІарзал.




## Баркула!

ХІурматиял районцоял!

Баркула нужеда тІаде щолеб бугеб КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 8І сон тІубай. Гьеб ккола ракІ-ракІалъ нилъ нилъерго ВатІаналдаса, гьелъул яргъилал къуватаздаса, нилъер халкъалъул цолъиялдаса чІухІиялъул асаралъ нилъ цолъизарулеб байрам. Гитлерилаб фашизмалда тІад бергьенлъи босиялъулъ ВатІан цІунизе рахъарал дагъистаниязул кьеразулъ мустахІикъаб бакІ ккуна нилъер районалъул гІадамазги. ГІемерисез рихьизаруна бахІарчилъиялъул ва бихьинчилъиялъул мисалал, щвана рагъулал орденал ва медалал.

Фронталъе кванил ва ратІлил кумек гьабиялъе гІоло бахІарчиго хІалтІана районалъул захІматчагІи авлахъазда ва хурзабахъ. Нилъер халкъалъ КІудияб ВатІанияб рагъулъ бихьизабуна бахІарчилъи, гъунки ва халкъалъул цолъи. Жакъа къоялда районалда хутІичІо цогІаги рагъул гІахьалчи, ана гьел абадияб рокъоре. Амма нилъеда кидаго кІочене бегьуларо гьезул рагъул дарсал, нилъ ккола гьезул ирсилал. ГІелаз гІелазухъе кьун, нилъеца даимго цІунила КІудияб Бергьенлъиялъул ракІалдещвеял. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, даимаб рохел, рекъел, икъбал ва талихІ.

**«Хьаргаби район»**
**муниципалияб районалъул бетІер**
**М. ТІАГЬИРОВ**

## *Бергьенлъи*

Вай, дур хІал чІахъаяб 9 май,
Мун бачІараб мехалъ боххула дир ракІ,
Жиб тІаса унгеяб Бергьенлъидал къо
Къалъула дуниял дур хабар лъайдал!

9

Хиянатав Гитлер, горболъ жоги бан,
Гиризе гьавураб гьайбатаб байрам.
Гьагал фашистазда гьодилъ малги бан,
Миллатал роххараб гучаб байрам къо.
Ханлъи къваригІараб къапилаялда
Къей гьечІеб Армиялъ малъана гІадлу,
Миллитаристазул торгІо кколезда
Якъинго бихьана нилъ бергьунеллъи.

М

Нилъ тохлъун ратилин хиял гьабулес,
Кавказалъул сиял мисалалъе ккве,
Сталинградалъул Мамаев Курган
КантІичІев ватани – бихьизе вачІа.
Рейхстагалда чІвараб чІухІараб Байрахъ,
ЧІаго нахъе букІин кІочене тоге.
БахІарзазул ирс кодобе щвараз,
Улка цІунун букІин ракІалда букІа.

А

Вай, дур хІалчІахъаяб 9 май,
Мун тІегьазабизе тІурабщинаб би.
Жиб тІаса унгеяб Бергьенлъидал къо,
Мун гІагар гьабизе чваханщинаб гІетІ.
Баркала, умумул, баркала вацал,
ВатІан цІунаралъухъ, цІар босаралъухъ
РоцІараб гьаб дунял нижее тарал,
Теларо нуж кІочон нахъе ругезда!

Й

Рагьул кьогІлъи лъачІеб бачІунесеб гІел,
БахІарчилъиялъе налъулал руго.
ЧІчІел босизе кІварал кІочон теларо,
НугІлъунги гьелъие - Бергьенлъи буго!

ДАНДЧIВАЯЛЪУЛ ХIАСИЛ

# РОСУЦОЯЗ КЪИМАТ КЬЕЛА

**24 апрелалда Хьаргаби росдал культурияб кIалгIаялда росдал бетIер Б. Идрисовасул жамагIаталъулгун дандчIвай букIин цебеккунго социалиял гьиназдасан лъазе гьабун букIана. Амма цIараб замананалде культурияб кIалгIаялде дандчIваялде рачIарал росуцоязул къадар 10 – 15 чиясде гурони бахинчIо. Гьеб дандчIвай тIобитIичIого тана. Районалъул «Церехун» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз лъикIаблъун рикIкIана росдал бетIер Б. Идрисовгун дандчIвазе ва гьесул жамагIаталда бицине ракIалда букIараб газеталъул гьумералдасан къватIибе загьир гьабизе. Гьоркьехун бахъулеб буго гьесулгун букIараб дандчIваялъул хIасилал.**



... Жакъа къоялде росдал администрациялде рачIун руго 3 азаргоялдаса цIикIкIараб гIарза минаби гьаризе ракьал кьеян. ХIисабалде росун руго ТIадмайданалдаса Хьаргаби – Ташкапур шагьранухда ва гIи бачIунеб нухда гьоркьоб 78 чиясе ракьал кьезе. Гьелъие хIадурун ва рахъун руго планал. 400 чиясе планал кьезе хIисабалде росун руго КIудияб гохIда нахъа...

**– СУАЛ. Гьаб соналъул 30 июналда лъугIула мун росдал бетIерлъун вищараб заман. Аслияб къагIидаялда щиб хIалтIи гьабун бажарараб ва щиб хIалтIи жеги гьабизе хIисабалда букIараб амма гьеб гьабизе кIвечIеб.**

**– ЖАВАБ.** Дун хIалтIизе лъугьараб соналъ росдал бюджет букIана 16 млн. гъурущ. Гьаб соналде гьеб ккана 11 млн. гъурущалде. Бюджеталъул къадар дагьлъараб росулъ гьаризе хIалтIаби дагьал рукIун гуро. Дун хIалтIуде лъугьараб соналъ росдал администрациялда хадуб налъи букIана 400 азарго гъурущ. Дица дирго хIалтIаби байбихьана документал низамалде рачIинариялдасан. Гьабуна росдал генералияб план, бачана хIалтIул мухъ кьеялъул, росдал бюджетазул положенияби, низамалде бачана бензиналъул ва дизелалъул хIисаб гьаби. ГIемерал росулъ гьарурал хIалтIаби ккана росуцояз бакIарун гIарацги гьабураб.

Гьебги хIисабалде босун дица хIаракат бахъана республикаялъул цойгидал районаз гьарулелел хIалтIабигун лъай – хъвай гьабизе. Щвана Карабудахкент росулъе. Нилъер росдал бюджет 16 млн. гъурущ бугеб мехалда гьезул батана 200 млн. гъурущ. Росадал бетIерасулгун гьабураб лъай – хъваялдасан баянлъана гьезул гIемерисеб гIарац бюджеталде ижараялъе ракьал кьеялдалъун кьолеб бугеблъи. Нилъер росулъ бюджеталде гIарац бачIинелъун кьезе бегьулеб хIисаб гьабулеб мехалда батана кьезе базар, туристал чIезе росдада тIаде балагьараб смотровая площадка, спутниказул антенаби лъезе бакIал. Гьел лъуна кьодухъ, натIаб майданалда ва гохIилъ авалалда. Гьез кьола росдал бюджеталде 50 – 70 азарго гъурущ. Жеги цойиде ккезе гьабун бажаричIо базар ижараялъе кьеялъул хIалтIи. Законалда рекъон ракьал ижараялъе кьола аукционги ахIун. Хасав специалистги ахIун чIезе гьабула ракьалъул байбихьул багьа. Базаралда гьоркье унеб ракьалъул багьа чIезе гьабун букIана 303 азарго гъурущ лъагIалие аукцион ахIараб мехалда гьеб бахана 1,5 млн. гъурущалде. Гьеб заманалда росулъ хабар тIибитIизе гьабуна росдал Советалъ ракьал ричулел ругилан. Росдал депутаталги ракIарун хвезе гьабуна аукционалъул хIасилал. Росдал бетIер хIисабалда дида тIадги лъуна 50 азарго гъурущ гIакIа. Жакъа къоялдеги гьадаб бугеб хIалалда базарги буго, кьишнидул цIун смотровая площадкаги буго.

Росдал бетIер хIисабалда дида аскIоре рачIун рукIана кьодухъ бугеб цебе хъаравуласул букIараб рукъ ижараялъе кьеян. Гьеб рукъ киназдаго лъала гьитIинаб аварийнияб бакIалде ккараб рукъ буго. Росдал депутатаз гьебги ижараялъе кьезе инкар гьабуна. Нилъее къваригIун буго росулъ хIалтIаби гьаризе, ругел ракьаздасаги пайдаги босулеб гьечIони, налогалги ракIарулел гьечIони, щибаб соналъ бюджеталде бачIунеб гIарацги дагьлъулеб бугони хIалтIаби кин гьаризе ругел.

**– СУАЛ. Росулъ ругел гIадамал гьекъолеб лъедалъун хьезе гьариялъул хIалтIаби кин ругел?**

**– ЖАВАБ.** Росулъ ругел захIматал суалаздасан цояб ккола гьекъолеб лъел суал. ГIаймакиб росулъе нух бахъулаго хвана нилъер росулъе бачIунеб лъел бетIералда букIараб водозабор. Курмиб росулъан бачун букIараб лъел мухъалда лъурал махул рогIрал ратана цIакъго заман барал, ремонталъулал хIалтIаби гьаризе бегьуларолъиялдаса арал. Исана нижеца хIукму гьабуна гьел махул рогIрал пластиковыязде хисизе гьаризе. Цо – кIиго диналъул вацазул кумекалдалъун росана I600 метра рогIразул.

Жакъа къоялде гьел цоцалъ рацIун руго ва районалъул ункъабго Хъвартихьуниб, Курмиб, Хьаргаби, КIикIуниб росулъе бачунеб лъел рогIразда цадахъ ракьулъ лъолелги руго. Ункъабго росулъе лъим бачунеб мухъ лъолеб бугеб мехалда цадахъ цойги лъел рогIрал щай лъолел – ян ккезе бегьула цо – цоязда. Ункъабго росулъе бачунеб лъел мухъазул лъим кьабизе буго насосалъ, росулъе бачунеб бачIине буго самотеком. Гьел хIалтIаби гьарулел бакIаздаги риччана харбал нижеца лъел турбаби ричулел рагIулилан. БитIараб буго нахъе хутIарал 400 метра трубабазул ричана Курмиб росулъе. Гьелъухъ щвараб гIарацги 100 азарго гъурущ кьуна трубаби рагьарал хIалтIухъабазе, хутIараб гIарац тIадбуссине гьабуна трубаби росизе гIарац кьурал чагIазухъе.

ХIисабалде босун букIана ракьулъан рачунел трубаби лъезе росдал администрациялъул къуват гIеларин, тIасан бихьулеб бакIалдасан рачарал гIелилан. Гьел лъолел мехалъ росдал дибир ГI. ГIумархIажиевасда бихьун гьел лъолел, вачIун аскIовеги гIарац росуцоязухъа бакIаризе сбор лъазе гьабуна. Гьеб мехалде швезегIан ричун рукIана трубаби. Жакъа къоялде бакIарун буго 2 млн. гъурущалдаса цIикIкIараб гIарац, хIисабалде босун буго районалъул администрациялде гIолареб бутIа гIарцул биччаян ине.

**– СУАЛ. 35 сон буго росулъ гIадамазе минаби гьаризе ракьал кьечIелдаса. ГIадамаз дагьа – дагьаб ккун АбухIна майданалдаса эхеде минаби гьаризе байбихьана. Гьеб суалалда сверухъ гьарулел хIалтIаби ругищ?**

**– ЖАВАБ.** Жакъа къоялде росдал администрациялде рачIун руго 3 азаргоялдаса цIикIкIараб гIарза минаби гьаризе ракьал кьеян. ХIисабалде росун руго ТIадмайданалдаса Хьаргаби – Ташкапур шагьранухда ва гIи бачIунеб нухда гьоркьоб 78 чиясе ракьал кьезе. Гьелъие хIадурун ва рахъун руго планал. 400 чиясе планал кьезе хIисабалде росун руго КIудияб гохIда нахъа. Гьелъие гIоло 15 га росдал магIишаталъул ракьал руссине гьаруна жалго бетIергьанал бакIал раялъул ракьазде.

**– СУАЛ. Минаби гьаризе ракьал кьеян рачIарал гIадамазда гьоркьор щал ругел?**

**– ЖАВАБ.** Жакъа къоялде жалго бетIергьанал минаби разе ракьал кьеян рачIаразда гьоркьор гIарзаби руго 20 хасаб рагьулаб операция гьабулеб бакIалда гIахьаллъи гьабулезул хъизамазул, 147 лъимал – инвалидал хьихьулел хъизамазул, 180 лъимал гIемерал хъизамазул ва гь. ц.

**– СУАЛ. Кидаго росдал гIадамал данделъараб бакIалда рорхула хурзабазул ва боцIул суалал. Гьелда сверухъ щиб абизе бегьулеб?**

**– ЖАВАБ.** Росдал администрациялъ магъилъ бакI цIунизелъун тIамун вуго лъабго чи. Гьезие чIезе гьабураб мухьги буго, гьез жаниб тIамураб боцIухъ гIакIаги бахъула. ХIисаб гьабураб мехалда ахазул ва боцIул суалал росдал администрациязде тIаде ккола суалал гуро. Нижеца гьел тIуразе гьаризеги кколаро. Мисалалъе КIикIуниб, Къудукь росабалъ цо сотых ракьалъул рикIкIун бакIарула 100 – 100 гъурущ гIарцул ва гьеб гIарцухъ ккола гIухьбиги, гьез жаваб кьола ах- хуралъулги.

**– СУАЛ. Нилъер росдал цIар тIибитIизе гьабурав гугарухъан вуго Олимпиязул хIаязул чемпион А. Тажудинов. Гьесие цебе библиотека бугеб бакIалда мина гьабизе бакI кьезе рагIи кьун букIана. Щиб ккараб гьеб суалалъул?**

**– ЖАВАБ.** Росдал администрациялъул хIукмуги гьабун законалда рекъон гьединал бакIал кьезе бегьулел ратичIо. ХIисаб гьабуна документал гьаризе гьеб чIунтараб бакI букIанилан ва бищунго гIодобегIанаб багьаги гьабун аукцион гьабунилан документалги гьарун гьеб бакI АхIмадие кьезе. Амма гьеб бакIалде гьоркьоре лъугьунелги ккана нилъер росуцоял ва гьабуна хвезе гьабураб хIалтIи. Росуцоял кIудияб гьари буго нужеде росулъ харбал тIиритIизе гьаричIого росдал администрациялде рачIа гьезухъ гIенеккичIого якьинго ахIвал – хIал лъазе букIине. Чангоял рачIана нижехъе ва щвалде щварал жавабалги кьун ана нахъе. Росдае лъикIлъиялъе гьарулел хIалтIабазул рахъ ккезе гIамал гьабе батIи – батIиял харбазухъ гIенеккичIого.

КУЛЬТУРА

# Умумузул гIадаталги цIунун



**МугIрул иццал журан гIор лъунеб гIадин**
**ГIисинал росаби цоцалъги гъункун**
**Ихдаде тIегь гIадин тIегьан бачIараб**
**КIудеб тарихалъул бокьулеб росу.**

**Журана, гъункана цо росу ккана**
**Хьаргабиян жиндий тIокIаб цIар кьураб**
**Гьелъул тIанса гIадин гьоркьор рессана**
**ГIадатал, кьер-кьерал тIугьдузда релъун.**



Хьаргаби росдал №1 гьоркьохъеб школалда 23 апрелалда тIобитIана «Истоки» цIаралда гъоркь умумузул гIадаталги цIунун къецал. ГIуцIун рукIана командаби цIаралги кьун 10-11 классазул лъималги жураб командаялда цIар букIана «МугIрузул цIумал», 9 классалъул командаялда цIар букIана «Хьергебдерил ирсилал»

Росдал тарихалдасан, гIадатаздасан, фольклоралдасан гIуцIцIараб гьеб тадбир киназего кутакалда бокьана. Цебе гIадат букIана щибаб соналъ гьединаб тадбир школалда гьаби, чанго сон ун букIана гьеб гьабичIого.

КIиябго командаялъул цIалдохъабазул хIадурлъи букIана щвалде щвараб. Церерахъиналъухъ балагьун рукIана школалъул лъимал, рачIун рукIана балагьизе умумул.

ЦIалдохъабаз ретIун некIсияб умумузул гIадатияб ретIелгун кIвар кьолеб букIана жиде-жидер церерахъиналъул магIнаяб гьунар-махщел бихьизабизе.

КIиябго командабаз хIал бана анлъго батIи-батIиял тадбиразулъ. ТIоцебесеб номинация букIана салам кьеялъул. Гьениб командабаз риккана, ахIана кучIдул, рихьизе гьаруна некIсиял гIадатал. КIиабилеб гIадатияб кечI ахIизе. Лъабабилеб умумузул кьурди бихьизе гьабизе. Ункъабилеб букIана миллияб форма бихьизе гьабизе ва гьелъул хIакъалъулъ бицине. Щуабилеб номинация миллияб квен гьабун бачIине ва бицине кин ва сундул гьеб квен гьабурабали. Анлъабилебги букIана сценка бихьизе гьабизе. КIиябго командаялъ бихьизабуна умумузул гIадаталда бертин гьабиялъул сценка. Гьениб къокъго бихьизе гьабуна бахIарай абизе иналдаса бахъараб рокъое ячин умумузул гIадаталда рекъон. ЦIакъ берцинго бачана гьеб лъималаз.

КIиябго командабаз гIемер рикIкIана жиде-жидерго бажариялда рекъон гьарурал кучIдул, бихьизабуна махщел кучIдул ахIиялъулъ, умумузул кьурдаби гьариялъулъ.

Балагьизе рачIараз баркала кьуна тарбиячагIазе ва цIалдохъабазе лъикIаб хIадурлъигун церерахъиналъухъ ва берцинлъиялда тадбир гIуцIаралъухъ.



# АПЕЛЛЯЦИОННАЯ КОМИССИЯ ПРИ РОСРЕЕСТРЕ:
## порядок, сроки, преимущества

**С 1 января 2026 года у граждан появилась возможность обжаловать решение Росреестра о приостановлении государственной регистрации прав на недвижимость не только в суде, но и в специальной апелляционной комиссии при Росреестре. При этом такая форма обжалования не является обязательным досудебным порядком.**

Ранее в соответствии с законом «О кадастровой деятельности» в специальной комиссии можно было обжаловать только решения о приостановлении государственного кадастрового учета. Обжалование приостановления государственной регистрации права законом не предусматривалось.

Для обращения в апелляционную комиссию при Росреестре необходимо подать заявление об обжаловании приостановления государственной регистрации права в течение 15 рабочих дней с даты его принятия.

В заявлении необходимо указать сведения о заявителе, сведения о кадастровом инженере, подготовившем межевой план (технический план или акт обследования), который был ранее представлен для кадастрового учета или регистрации прав. Кроме того, потребуется дата и номер заявления, по которому было принято решение о приостановлении, дата и номер самого уведомления о приостановлении, а также обоснование несогласия с решением о приостановлении.

При рассмотрении заявлений об обжаловании апелляционная комиссия будет оценивать обоснованность принятия решения о приостановлении и при необходимости запрашивать дополнительные документы и материалы.

Внесудебное обжалование решения о приостановлении государственной регистрации прав на недвижимость имеет ряд следующих преимуществ для заявителей:

**Быстрое разрешение спора.** Решение комиссии принимается в срок не более 15 рабочих дней с момента регистрации заявления, что значительно быстрее, чем рассмотрение дела в суде, которое может затянуться на месяцы.

**Удобный порядок подачи заявления.** Заявитель может подать заявление в электронной форме, в том числе через портал Госуслуг, что делает процесс более доступным. Также возможно личное обращение или отправка по почте с описью вложения и уведомлением о вручении.

**Возможность присутствия на заседании комиссии.** Заседания комиссии проводятся как очно, так и в дистанционном формате. На них могут присутствовать заявители, государственные регистраторы, принявшие обжалуемое решение, и другие заинтересованные лица. Это позволяет лично аргументировать свою позицию и получить ответы на вопросы.

**Отмена необоснованного решения.** Если комиссия признает решение о приостановлении необоснованным, оно отменяется. Это становится основанием для повторного рассмотрения документов и принятия положительного решения о регистрации прав.

**Сохранение возможности судебного обжалования.** Если заявитель не согласен с решением апелляционной комиссии, он может обжаловать его в суде в порядке административного судопроизводства.

Таким образом, внесудебное обжалование позволяет разрешать часть спорных вопросов, связанных с регистрацией прав, без обращения с соответствующим иском в суд и предоставляет заявителям эффективный инструмент защиты своих прав.

**Член апелляционной комиссия
при Управлении Росреестра
по Республике Дагестан
МУСАЕВ Умахан Магомедович**

# Бакъвазе гъабураб пихъазул къуват

**Нилъ рижараб ва гIумру гьабулеб бакI Аллагьас нилъее кьураб, гьениб бижулеб пихъазул тIагIамалъул бицун бажаруларо.Нилъецаго нилъго рецци беццараб гьечIо,Дагъистаналъул бокьараб даран-базар гьабулезда гьикъе,гьез ракI чIун абула Хьергебдерил бугин.Бакъвазе гьабураб пихъги Хьаргабиса бугин абулеб бугони, бичун босулеб букIуна. ЦIар тIибитIараб гIатIгояб ва бакъвазе гьабураб пихъазул ВатIан букIаниги, щиб бакъвазабураб пихъилъ бугеб хIикматаб къуват суалалъе гьитIинабго жаваб кьезе хIалбихьилин.**



Ахбазан, курак ва кокон щибаб къоялъ кваназе лъикIаб буго. Бакъвазабураб мехалъ пихъилъ рукIунел пайдаял витаминал холаро, гьелъул гIаксалда, гьезул къуват жеги цIикIкIуна. Амма, щаялиго, нилъеца бакъвазабураб пихъ щибаб къойил хIалтIизабуларо. Диетологаз абулеб буго тIом цIвакизе ва расул кьер берцинлъизе бокьани, бакъвараб пихъ кваназе кколин. Гьелда гъорлъ гIемер букIунин кальций. Гьединго бакъвараб пихъилъ рукIуна пайдаял углеводал, ай бидулъ инсулиналъул къадар цIикIкIинабуларел фруктоза ва глюкоза. Италиялъул диетологаз чIезабун буго дагьабго къадаралда квананиги, бакъвараб пихъица кваниде гъира къинабулин. Гьеб гуребги, гьелъ лъикIлъизабула чехьбакьалъул хIалтIи ва квербакъула черх щула гьабиялъе. Бищунго лъикIаллъун рикIкIуна бакъвараб кишмиш, курак ва чIегIераб кокон.

### АХБАЗАН.

Ахбазаналъулъ буго А провитамин (гьелдалъунин гьеб тIогьилаб кьералъул букIунеб) ва чакар (8-10%). Бакъвазабизе ккола лъикIго барщараб ахбазан. Бакъвараб ахбазаналда гъорлъ букIуна 46 процент чакаралъул, гьединго ахбазаналъул къанцIа, витаминал А, В ва РР, мах ва магний гIадал минералиял жал. Аслияб жо, гьелъулъ буго рекIел ччорбазе чара гьечIого къваригIунеб ва бигьаго чорхолъ босулеб калий.

### КИШМИШ.

Гьелда гъорлъ рукIуна бигьаго чорхолъ росулел глюкоза ва фруктоза (15-20%), органикиял къанцIаби (0,8%), минералиял цIамал (0,5%) ва витамин Р.

### ЦIИБИЛ.

ЦIибил хIалтIизабиялъ щула гьарула гьуърул, ракI ва нерваби. Щибаб къойил гьеб кваназе лъикIаб буго ракI унтарал, бидул тIадецуй цIикIкIарал чагIазе.

### ЧIЕГIЕРАБ КОКОН

Гьелъулъ руго В тайпаялъул витаминал. Гьелъ тартибалде ккезабула нервабазул жагъаллъи, черхалъул унтабазда дандечIей, инабула хIинкъиялъул асар. ЧIегIераб кокон кванала бакьал, ургьисалаби ва ракI сахгьариялъе. Щибаб къойил 5-7 чIегIераб кокон кваналеб бугони, черх тIадагьлъула, заралиял бактерияздаса бацIцIалъула. Гьелъ рукIалиде ккезабула бидул тIадецуй, чорхолъа инарула загьруял жал.



### ИНЖИР.



Бищунго регьунеб бакъвараб пихълъун рикIкIуна инжир. Гьелъ низамалде ккезабула мукъуралъул хIалтIи, гьукъула ракалъул клеткаби лъугьиналдаса. Халкъияб медицинаялда гьеб хIалтIизабула бакьал рацIцIад ва гьуърал сах гьаризе.

### ГIЕЧ ВА ГЕНИ.

ГIечулъ рукIуна А, РР, С, В2, ВI витаминал. Генуца лъикIлъизабула чорхол хIал. Пайдаяб букIуна рекIее, кванирукъалъе, кIващул къвачIаялъул унти сахгьабиялъе, гьуърул унтаразе. Гьелъ квербакъула чорхолъа бакIал металлал ва загьруял жал инариялъе, бакьазул хIалтIи низамалде бачуна.

### ГИППОКРАТИЛ ПАСТА.

Машгьурав тохтурас ракI ва бидурихьал лъикI хIалтIиялъе лъикIаблъун бихьизабулаан жинцаго ургъараб паста ва гьелдаса жакъаги пайда босула. Босила 300 грамм куракул, инжиралъул, цIулакьодул ва I00 грамм гьацIул. Бакъвараб пихъ чурила, цIцIвила, тIаде бала цIулакьо ва жубазабила гьоцIо ва лъикIго багъарила. Къойида жаниб кIиго нухалъ цо-цо чайдул гъуд кванала. Жакъа базаразда ва тукабахъ бичулеб берцинаб кьералъул, кваназе гьирабалеб «бакъвараб пихъ», хIакъикъаталдаги ккола тIад чакрил сиропалъул хъал къазабураб пихъ. Гьел бакъварал пихъаллъун рикIкIине бегьуларо, мукъсанабго гурони гьезул пайдаги букIунаро. Гьединлъидал бакъвараб пихъ босизе ккола нилъеда лъалел чагIазухъа. Бищунго лъикIаб букIина нилъецаго бакъвазабулеб бугони.





## КЛЕЩИ, КОМАРЫ И ДР. НАСЕКОМЫЕ

### (БОРЬБА, ПРОФИЛАКТИКА ЗАРАЖЕНИЯ)

**Есть болезни, переносчиками которых являются насекомые. Комары, клещи, блохи, мухи, тараканы способны стать причиной развития самых разных инфекций.**

**Клещи** являются одними из наиболее опасных насекомых- переносчиков инфекционных болезней, включая крымскую геморрагическую лихорадку, боррелиоз, энцефалит и другие заболевания. Клещи обитают на траве и в невысоких кустарниках. Период их активности начинается в начале марта и завершается к октябрю.

Для профилактики заболеваний, передающимися клещами необходимо:

- проходить вакцинацию (от клещевого энцефалита) перед выездом на эндемичные территории, их список можно посмотреть на сайте Управления Роспотребнадзора;
- надевать на прогулку в лес или парк светлую однотонную одежду, максимально закрывающую руки и ноги. Использовать головной убор или капюшон, а также обувь, полностью закрывающую ступни;
- пользоваться средствами, отпугивающими клещей (репеллентами);
- избегать контакта с травой и кустарниками, ходить по широким тропинкам;
- на прогулке осматривать одежду каждые 20–30 минут. После возвращения домой тщательно проверить все тело, включая волосистую часть головы и естественные складки (пах, подмышки, пупок, за ушами);
- регулярно проводить осмотр домашних животных на наличие клещей;
- не допускать чрезмерного зарастания травой на дачном участке. Проводить акарицидную обработку участка.

**Комары** переносят такие инфекции, как малярия, лихорадка Западного Нила и многие другие опасные болезни. Для снижения риска укусов и распространения инфекции рекомендуется:

- использование защитных сеток на окнах и дверях жилищ;
- применение специальных спреев и кремов против комаров;
- избегать пребывание вне помещений во время активности комаров (утро, вечер);
- удаление стоячей воды около домов;
- поддержание чистоты территорий, удаление емкостей где скапливается вода.

**Блохи** могут передавать ряд серьезных заболеваний, таких как чума, сыпной тиф, псевдотуберкулез и гельминтозы.

Борьба с блохами включает следующие методы:

- осмотр домашних животных на предмет наличия паразитов;
- частое мытье полов и чистка ковровых покрытий;
- применять специальные средства защиты для животных, согласно инструкции;
- обработка жилых помещений инсектицидами, согласно инструкции.

Таким образом, профилактика и своевременные меры борьбы с насекомыми позволяют снизить риск передачи инфекционных заболеваний и защитить здоровье населения.

**Врач по ОГ ФФБУЗ «Центр гигиены и эпидемиологии в РД в Гунибском районе»**
**МИРЗАЕВ М.С.**

## Лъазаби

2007 соналда ЧIалда гьоркьохъеб школалъул 9 класс лъугIун ГIабдулмеджидова ПатIимат ИсмагIиловнаялъе кьураб №05 ББ 0016311 аттестат билун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
29 апрель 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00